# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–08 फरवरी 2025 भोजपुरी समाचार

भारतीय जनता पारटी सत्ताइस बरिस के अंतराल के बाद दिल्ली में सरकार बनावे जा रहलि हौ। संझा पांच बजकर पचपन मिनट ले आखिरी समाचार मिलले ले भारतीय जनता पारटी चवालीस सीटि जीति लिहले रहल अउर चार सीटिनि पर ओहकर ओम्मेदवार आगे चलत रहलें। ओहीं, आम आदमी पारटी एकइस सीटि जितले रहल अउर एक सीटि पर ओकर ओम्मेदवार आगे चलत रहलें। कांग्रेस पारटी के केहू सीटि पर जीति नाहीं मिलल हवे। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के सथहीं केन्द्र अउर कई प्रदेसन क सरकार क कई गो सीनियर मंत्री अउर भारतीय जनता पारटी क सीनियर नेता लोगि पारटी के परिवर्तनकारी जीति क बधाई दिहले हवें।

**********

अजोध्या जिले क मिल्कीपुर विधानसभा क उपचुनाव भारतीय जनता पार्टी क ओम्मेदवार चंद्रभानु पासवान जीत लिहले हवे। उहां के एक लाख छियालिस हजार तीनि सौ सनतानबे ओट हासिल कइ के अपने निकटतम प्रतिद्वंदी समाजवादी पार्टी के ओम्मीदवार अजीत प्रसाद के इकसठ हजार साति सौ दस ओट से हरा दिहलीं। अजीत प्रसाद के कुल चौरासी हजार छौ सौ सतासी ओट मिलल हइन। एह सीट पर बीतल पांच फरौरी के ओट पड़ल रहे। उपचुनाव में कुल दस ओम्मिदवार चुनाव मैदान में रहले। प्रदेस के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ मिल्कीपुर उपचुनाव में पार्टी क जीत पर पदाधिकारियन अउर कारकर्ता लोगिन के बधाई दिहले हवें।

**********

प्रयागराज क महाकुंभ मेला में कई गो प्रमुख हस्ती त्रिवेणी संगम पर पवित्र नहान कइ रहलि हइनि। मध्य प्रदेस क मुख्यमंत्री मोहन यादव अउर राजस्थान क मुख्यमंत्री भजनलाल शर्मा आजु महाकुंभ पहुंचि के पवित्र नहान कइलें। हमरे संवाददाता बतवले हवें कि अबले एकतालीस करोड़ से जियादे सरधालु पवित्र नहान कइ चुकल हवें।

**महाकुम्भ में राजनीति, सिनेमा और खेल जगत से जुड़े लोग भी, संगम में आस्था की डुबकी लगा रहे हैं। उप–राष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी, केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह के अलावा बॉलीवुड कलाकार अनुपम खेर, हेमा मालिनी और राजकुमार राव, पूर्व क्रिकेटर सुरेश रैना, मुक्केबाज विजेंदर सिंह और मैरी कॉम, बैडमिंटन स्टार और ओलंपिक पदक विजेता, साइना नेहवाल ने भी पवित्र संगम में डुबकी लगाई है। इसके अलावा राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु भी सोमवार को संगम में पावन डुबकी लगायेंगी। 13 जनवरी से शुरू हुआ यह महाकुंभ का मेला, 26 फरवरी तक चलेगा। महाकुम्भ मेला समाप्त होने में अभी 18 दिन बाकी और उम्मीद जताई जा रही है कि श्रद्धालुओं की संख्या 50 करोड़ के पार जा सकती है। दीपेन्द्र कुमार, आकाशवाणी समाचार, प्रयागराज।**

अजुओ भिन्नहीं से ले के संझा के आखिरी खबर मिलले ले प्रदेस के सथहीं अउरियो राज्यन क बिसिस्ट अतिथियन के प्रयागराज महाकुंभ पहुंचले क सिलसिला जारी हौ।

**********

प्रयागराज महाकुंभ में अलगि–अलगि तिथि में भइल, अमृत स्नान के बाद साधु संत अउर नागा संनयासी क दल बनारस आवे लागल हौ। एही क्रम मे जूना अखाड़ा क हजारों नागा साधु बिहने कासी में प्रवेस करिहें। ओनके सकुसल प्रवेस अउर सरधालुअन क सुविधा आ सुरक्षा सुनिश्चित कइले के लेके आजु ओहां के प्रसासन क ओरि से तइयारिन के अंतिम रूप दिहल जा रहल हौ। बनारस के पुलिस आयुक्त मोहित अग्रवाल बतउलें–

**प्रोसेसन के फार्म में लगभग दो हजार की संख्या में नागा साधु जूना अखाड़ा के यहां पर आएंगे। उनके महंत जी भी आएंगे। अन्य महामंडलेश्वर हैं वह साथ में होगें। काफी गाड़ियां होंगी। उसी के प्रोसेसन का पूरा इंतजाम आज सभी प्रशासनिक अधिकारी यहां पर देख रहे हैं। इसके लिए रूट निर्धारित किया जा रहा है। और हम लोग यह सुनिश्चित करेंगे कि रूट पर किसी भी तरह का व्यवधान उनको न मिले। साथ ही जो आम पब्लिक है उसको भी किसी भी तरह का दिक्कत न हो, इसलिए रूट डायवर्जन की प्लानिंग की जा रही है।**

बनारस आवे वाले नागा साधु आ अउरियों साधु संत महासिवरातर क नहान पवित्र गंगा मे करिहें अउर होली खेलले के बाद अपने मंदिर, मठ अउर आश्रम बदे प्रस्थान करिहें।

**********

पूर्वी उत्तर प्रदेस में बीतल चौबीस घंटा के भित्तर भइल दुइ गो अलगि–अलगि सड़क हादसा में चारि लोगिन के मउति हो गइल। बनारस जिला क बड़ागांव थानाक्षेत्र क औसानपुर गांवे में बीतल राति ट्रैक्टर पलटि गइले से बाप अउर बेटा के सथहीं तीनि जने क मउति हो गइल। ओहीं जौनपुर जिला क सिकरारा थानाक्षेत्र के टेकारी गांवे के लग्गे आजु भिन्नही एगो बेकाबू कार पेड़ से टकरा गइल। जेकरे नाते कार सवार सब इंस्पेक्टर क मउति हो गइल।

**********

मौसम विज्ञान विभाग प्रदेस के पूर्वी अउर पच्छिमी हिस्सा में ठंडी से राहत मिलले क संकेत दिहले हवें। विभाग की ओरि से जारी पूर्वानुमान के हिसाबि से प्रदेस में बिहने से चउदह फरौरी ले मौसम सुक्खल रही। अगिला पांच दिन में अधिकतम तापमान धीमे–धीमे तीन से पांच डिग्री सेल्सियस बढ़ले क ओम्मीद हौ। एह समय न्यूनतम तापमानों धीमे–धीमे दुइ से तीनि डिग्री सेल्यियस बढ़ी।

**********